

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun ngeunaan adegan kalimah basa Sunda dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung.

Kahiji, katitén yén wangun kalimah nu aya dina téks warta siswa téh leuwih nyoko kana kalimah salancar jeung kalimah rangkepan. Buktina tina 130 data kalimah dina teks warta, kapanggih aya 71 kalimah rangkepan jeung 66 kalimah salancar. Tina sakabéh data kalimah nu aya, kapaluruh aya dua wangun kalimah nyaéta (1) kalimah salancar, anu ngawengku 11 kalimah salancar basajan jeung 48 kalimah salancar jembar (2) kalimah rangkepan, anu ngawengku 39 kalimah ngantét jeung 32 kalimah sumélér dwiklausa. Dina kalimah ngantét kabagi jadi dua nyaéta kalimah ngantét dwiklausa (32 kalimah) jeung kalimah ngantét triklausa (7 kalimah).

Dumasar kana lengkep henteuna unsur-unsur nu ngawangunna, kalimah salancar téh dibédakeun jadi dua nyaéta kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Kalimah salancar basajan biasana sok diwangun ku unsur jejer, caritaan, boh aya udagan atawa panglengkep boh henteu. Salasahiji contona nyaéta dina kalimah “(110) Banjir ogé bisa urang cegah”. Ari kalimah salancar jembar mah biasana sok diwangun ku unsur jejer, caritaan, boh aya udagan atawa panglengkep boh henteu, tur ditambah ku unsur wenang fungsi katerangan. Salasahiji contona nyaéta dina kalimah “(095) Kabakaran lumangsung di pasar ekonomi Pekanbaru Riau”. Tina hasil analisis data, kalimah salancar anu leuwih loba nyaéta kalimah salancar jembar (48 kalimah), ari anu pangsaeutikna mah nyaéta kalimah salancar basajan (11 kalimah).

Ari kalimah rangkepan mah biasana sok diwangun ku dua klausa atawa leuwih. Klausa-klausa anu ngawangun kalimah rangkepan téh aya patalina, boh sacara gramatik atawa sémantik. Patalina antarklausa dina kalimah rangkepan téh dibagi jadi dua nyaéta koordinasi atawa ngantétkeun jeung subordinasi atawa sumélér. Koordinasi (ngantétkeun) nyaéta ébréhan tina klausa-klausa anu aya patalina, satata atawa sadarajat. Ari subordinasi (sumélér) mah nyaéta ébréhan tina klausa-klausa anu henteu satata atawa sadarajat. Ku kituna, kalimah rangkepan koordinasi disebutna kalimah ngantét, salasahiji contona nyaéta dina kalimah “(087) Engkéna penyebaran hadiah ogé bakal dilaksanakeun sacara virtual, sareng hadiahna bakal dikirimkeun ka imah peserta anu meunang salah sahiji katégori pasanggiri”. Sarta kalimah rangkepan subordinasi anu disebut kalimah sumélér, contona nyaéta dina kalimah “(040) Kusabab seueur anu katépaan ku covid-19, pamaréntah ngalaksanakeun social distancing”. Tina hasil analisis data, kalimah rangkepan anu leuwih loba nyaéta kalimah ngantét dwiklausa (32 kalimah) jeung kalimah sumélér dwiklausa (32 kalimah), ari anu pangsaeutikna mah nyaéta kalimah ngantét triklausa (7 kalimah).

Sangkan leuwih jéntré deui, hasil analisis data dina ieu panalungtikan téh kapanggih aya 130 data kalimah. Tina sakabéh data kalimah nu aya, kapaluruh aya dua wangun kalimah nyaéta (1) kalimah salancar, anu ngawengku 11 kalimah salancar basajan jeung 48 kalimah salancar jembar (2) kalimah rangkepan, anu ngawengku 39 kalimah ngantét jeung 32 kalimah sumélér dwiklausa. Dina kalimah ngantét kabagi jadi dua nyaéta kalimah ngantét dwiklausa (32 kalimah) jeung kalimah ngantét triklausa (7 kalimah).

Kadua, katitén yén adegan kalimah nu aya dina téks warta siswa téh leuwih nyoko kana pola unsur-unsur kalimah nurutkeun fungsina. Ditilik tina jihat wangun, kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar téh miboga pola nu béda-béda. Tina hasil analisis data, kalimah salancar basajan nyoko kana tilu pola nyaéta (1) pola J + C kapanggih aya 4 data kalimah salancar basajan, (2) pola J + C + U kapanggih aya 4 data kalimah salancar basajan, jeung (3) pola J + C + Pa kapanggih aya 3 data kalimah salancar basajan. Ari kalimah salancar jembar mah nyoko kana

tilu pola nyaéta (1) pola J + C + K kapanggih aya 16 data kalimah salancar jembar, (2) pola J + C + U + K kapanggih aya 4 data kalimah salancar jembar, jeung (3) pola J + C + Pa + K kapanggih aya 28 data kalimah salancar jembar.

Adegan kalimah satuluyna nyaéta kalimah rangkepan ngantét anu nyoko kana dua pola nyaéta (1) pola Kal Ng Dwkl → Kla Bs 1 + Kla Bs 2 (kalimah ngantét dwiklausa nu diwangun ku klausa bébas 1 jeung klausa bébas 2), jeung (2) pola Kal Ng Trkl → Kla Bs 1 + Kla Bs 2 + Kla Bs 3 (kalimah ngantét tri klausa nu diwangun ku klausa bébas 1, klausa bébas 2, jeung klausa bébas 3). Ari kalimah rangkepan sumélér mah nyoko kana sapola nyaéta pola Kal Sum Dwkl → Klai 1 + Klasél 2 (kalimah sumélér dwiklausa anu diwangun ku klausa inti 1 jeung klausa sélér 2).

Katilu, ciri has kalimah basa Sunda nu aya dina téks warta siswa. Katitén tina hasil analisis data dina ieu panalungtikan, nyaéta 130 kalimah dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung téh miboga sababaraha ciri has. Ieu ciri has téh ditilik tina hasil analisis data nu kapanggih nyaéta 130 kalimah nu aya dina téks warta siswa. Aya sababaraha ciri has kalimah ditilik tina kasalahan kasalahan eydna, boh tina panulisan kecapna, boh dina ngagunakeun tanda bacana, sarta loba nu masih ngagunakeun adegan kalimah basa indonesia. Salian ti panulisan hurup e, é, jeung eu, sarta ayana kekecapan basa Indonésia dina kalimah, ciri has tina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung ogé bisa katitén yén dina unggal paragraf rata-rata ngan ukur diwangun ku 3-4 kalimah. Téks warta karangan siswa ogé, lamun ditilik tina tanda bacana loba nu kurang merenah, lantaran ieu hal téh mangaruhan kana jumlah kalimah dina unggal paragrafna. Tuluy sacara gurat badagna mah kalimah dina téks warta nu ditulis ku siswa téh geus bener, tapi masih kénéh aya kecap atawa frasa anu kurang lengkep, sarta henteu dipakéna tanda baca dina kalimah-kalimahna. Éta hal téh ngabalukarkeun panalungtik hésé dina nangtukeun wangun jeung adegan kalimahna, kitu ogé pikeun jalma séjén anu maca éta warta.

5.2 Implikasi

Tina hasil panalungtikan, pedaran, jeung kacindekan anu geus dipedar saméméhna, katitén yén adegan kalimah basa Sunda anu kapanggih téh perlu ayana pamahaman kana wangun kalimah. Rupa-rupa wangun kalimah bisa jadi salasahiji modal utama dina nangtukeun pola fungsi unsur kalimah.

Implikasi anu bisa dilarapkeun téh mangrupa adegan kalimah basa Sunda hususna dina widang basa. Ku ayana ieu panalungtikan téh, dipiharep bisa méré gambaran tur ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan tata basa Sunda kiwari, hususna adegan kalimah dina nulis. Salian ti éta ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sangkan kalimahna bisa luyu jeung aturan dina tata basa Sunda.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya rékomendasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Ieu panalungtikan téh ngeunaan adegan kalimah anu aya dina téks warta siswa kelas VIII. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik adegan kalimah nu ngagunakeun sumberna karya tulis mahasiswa jurusan basa Sunda jeung mahasiswa jurusan lain, sangkan bisa méré bébédana tina segi basa nu dipaké jeung struktur anu digunakeun. Tuluy ieu panalungtikan mangrupa analisis murni ngeunaan adegan kalimah. ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik adegan kalimah nu dipatalikeun jeung prosés pangajaran di sakola.